# ҚАРАҚАЛПАҚ ГИЛЕМШИЛИГИНДЕ УШРАСАТУҒЫН АЙРЫМ НАҒЫСЛАРДЫҢ ЭТНОГРАФИЯЛЫҚ МӘНИС- МАЗМУНЫ

**Н.Қ.Наўрызбаева**
*Өзбекстан Республикасң Илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлими, Қарақалпақ гуманитар илимлер илим изертлеў институты докторанты*

Нағыс бул- ҳәр бир халықтың турмыслық жағдайын көрсетиўши тарийхий фактор болып саналады. Себеби, олар өзине тән ўақыялықты сәулелендиреди. Бул болса, тарийх ушын үлкен жетискенлик болып, миллет ҳәм оның этнографиясин үйрениўде тийкарғы дерек болды. Соның ушында бул қол өнер үлгиси қарақалпақ мәдениятының ажыралмас бир бөлеги болып бүгинги күнге шекем жетип келди ҳәм раўажланды. Сондай-ақ әсирлер асып жетип келген миллийлигимиздиң үлгиси болған нағыслар инсан дөретиўшилигиниң, шеберлигиниң арқасында заманға сәйкеслендирип, миллий ҳәм руўхий байлығымызға айланған. Нағыс үлгилери миллий кийимлеримизде, миллий әнжәмларымызда әсиресе, гилемлеримизде көп ушрайды. Гилем дегенимизде ең дәслеп көз алдымызға «Қара үйлер»имиз келеди. Себеби, Қара үйлеримиздиң босағасынан баслап, төрине шекем, пүткил үй әнжәмлары, хожалық буйымларының көпшилик бөлеги гилем өнимлери болып табылады. Әлбетте, шебер қоллар, гоззаллық шайдалары бул өнимлерди нағыссыз қоймаған. Халқымыз әзелден исеним арқалы өмир сўрген. Ол исенимди ҳәр бир буйымда сәўлелендириўге ҳәрекет қылған. Нағысларда бостан-босға қойылмаған қандайдур жақсы нийет,сол шаңарақтың гўллеп-жаснасыўында ырым сыпатында салынған. Мысалы, Қара үйди беккем услап турыўшы кереге менен уўықты байланыстырыўшы предмет бул «Ақ басқур» есапланылады. Ақбасқур- ени 40-45 см, ал узынлығы 12-13 см аралығында болып келеди. Оны отаўдың шаңарағы, уўықларының бәри шаншылып болғаннан кейин, уўықтың сыртқы жағынан, бүгилген жериниң тусынан нағысын ишке қаратып, тартып байлайды.[Алламуратов.23-б]. Ал, бул басқурларымызға көпшилик жағдайларда «Дәрягүл» нағысы тоқылатуғын болған. Бул ҳаққында Нөкис қаласынан үйши Бийбсара Қунназарова айтып берди. «Әлбетте, ақ басқур тоқыў жүда қурамалы ис болып, оны пүткил сол жерде жасаўшы аўыл ҳаял-қызлары көмегинде

әмелге асыратуғын болған. Соның менен бир қатарда «Дәрягүл» нағысы тоқылыүының тийкарғы себеби хожалығымыз дәриядай тассын, мол-көлшилик болсын деген исеним менен тоқылған». [№1.2023] Бул сол жас шаңарақтың қуралып кетиўи, беккемленип, раўажланып кетиўине тилеклеслик сыпатында шаңарақ ағзаларымыз көбейсин, берекетимиз, несийбемиз дәриядай тассын деп, Алланы жолдас қылып баслаған қонысына сол нағысты салған.

Сондай-ақ ҳалқымыз ушын үй босағасы әҳмийетли болған. Босаға- бул инсанлар кеўлинде унамлы орын ийелейтуғын орын. Себеби, үйимизге келген қонақ дәслеп иргени (босаға) көреди. Сол себепли босаға үйимиз ушын тийкарғы ўазыйпаны атқарады. Тазадан түскен келиншекте ең биринши нәубетте өз босағасына үш мәрте ийилип биринши қәдемин қояды. Босаға шаңарағымызға қәдем атылатуғын дәслепки жер болғаны ушында жақсылықта, жаманлықта усы жерден киреди деп бул орынды сулыў, пайызлы ҳәм берекетти киргизиў ушын безетиў қуралларынан пайдаланған. Қарақалпақлар бул факторға итибар менен қарап қара үйдиң есигине гилем формасында исленген «Есикқас» ларды орнатған. Бул ҳаққында А.Алламуратов төмендегише жазып өтеди. “....Есикқас бир-бирине тутасып кеткен бир қатар сегиз қырлы дөнгелектен турады. Ишинде төрт тәрепи мүйизлер менен қоршалған ромб нағысы болады ”. [Алламуратов.35-б] Соның менен бирге есикқас жийегине «Илмек» нағысы тоқылатуғын болған. Ромб көринисинде болған бул «Баўырсақгүл» нағысы болып, бул ҳаққында Нөкис қаласынан гилемши шебер Ханша Кемалованың айтиўи бойынша «Баўырсақгүл нағысы тийкарынан дастурханымыздың толы болыўын, несийбемиздиң көп болыўын нийет етип салынатуғын нағыс».[№3.2023] «Көплеген илимпазлардың изертлеўлерине қарағанда ромб ҳәм ярым ромб көринисиндеги нағыс полеолит дәўиринен берли “өнимдарлық” символикаси болды.» Буннан тысқары «..... Илмек үйге кириўдеги магия менен байланыслы» [Этнография Каракалпаков 36-б].

Демек, буннан жуўмақ шығарыўға болады, бул нағыслардың есикқасқа орнатылыўының тийкарғы негизи қара шаңарағымызға мол-көлшилик, ырысқы-несийбе, дәўлет усы есик арқалы кирип келсин деген мәнисте болған болса, илмек нағысы үйге киретуғын хәр қийли жаман кеселликлер, бахытсызлық, берекетсизлик ҳәм усыларға уқсаған жағдайларды илип қалып үй ишине киргизбеўине исенген ҳалда салған. Ҳәзирги күнге шекем инсанлар арасында ушрасатуғын исеним түри бул «Жаман нәзер» яки «Тил, көз тийиў» деп айтатуғын терминлеримиз бар. Яғний, бир инсанға екинши инсанның таңланып,

ҳәўес етип қараўы арқалы қандайда бир енергия екинши адамға өтеди. Бундай жағдайда енергияни қабыл еткен инсанның ден-саўлығы, мораллық яки материаллық жағдайында жаман өзгерислер ушрасады. Буны халық арасында көз тийиў деп атайды. “Япырымай деген тас жарады тас жармаса бас жарады” деген мақалларымызда ушрайды. Әсиреси, бул жағдай шебер, қолы гүл инсанларда көп дусласады.Соның нәтийжесинде гилемши инсанлар өзиниң өнимлерине «Бөрикөз» деп аталатуғын нағысты салған. Бул нағыс тийкарынан қубла районларда «Бөрикөз» ал, Мойнақ ҳәм арқа районларда «Балық көзи» деп аталған, ол атанақ формада болған. Бул ҳаққында Шоманай районында жасаўшы гилемши Нәўбетова Алтынай былай дейди-«Жас ўақтымда, гилемшилик сырларын енди үйренип атырған ўақтымда апам қолыңда жаратқан жаратылысыңа ботакөз нағысын салып кет, себеби бул тил-көзден сақлайды-деп айтатуғын еди» деп айтып өтти. Сондай-ақ, апамыз төмендеги мағлыўматларды берди. «Әўлатимниң даўамшысы, изимди басатуғын туяқ қалыўын нийет еткен ҳалда гилемге салынатуғын нағыс бул «Ирғақ нағыс»ы. Бул ҳаққында да кемпир апамнан еситкенмен, бирақ бул нағысты мен салыўды қәлемей -апа, бул нағысыңды пайдаланбайман,- деп айтқан ўақытларым болған. Сонда, апа мениң изимди басыўыңды қәлеймен, толқындай болып, үзилмей өнеримиз жалғасын тапсын деп,- тоқытатуғын еди.» [№4.2023] Бул толқын көринисинде болып, буны тийкаринан гилемниң жийегинде, төрт тәрепине ислететуғын болған. Жуўмақлап айтатуғын болсақ, өз дәўиринде тек ғана нағыс болып қалмастан миллий өзгешеликти билдиретуғын белги сыпатында усы кунге шекем жетип келген бийбаҳа мийрасымыз болып табылады. Бул қәдирятты сақлаў ҳәм келешек әўладқа жеткерип бериў ҳәр бир инсанның ўазийпасы.

**Пайдаланылған әдебиятлар ҳәм дала материаллары**

1. Алламуратов.А Маңги Мийрас. Н.1993
2. Этнография Каракалпаков XIX начоло XX века. Т. 1980
3. Наўрызбаева.Н. дала жазыўлары. 2023. №1.Информатор; Қунназарова.Б. Нөкис қаласы. Руўы; қолдаўлы
4 Наўрызбаева.Н. дала жазыўлары. 2023. №3.Информатор; Ханша Кемалова. Нөкис қаласы
5 Наўрызбаева.Н. дала жазыўлары. 2023. №4.Информатор; Алтынай Нәубетова.Шоманай районы